



## AETNA BETTER HEALTH<sup>SM</sup> FIDA PLAN

Rezime sou Benefis pou 2017



Aetna Better Health FIDA Plan se yon plan swen kontwole ki gen kontra avèk toulède Medicare ak New York State Department of Health (Medicaid) pou bay patisipan yo benefis ki soti nan toulède pwogram yo atravè Demonstrasyon Avantaj Doub ki Totalman Entegre (FIDA).

[www.aetnabetterhealth.com/newyork](http://www.aetnabetterhealth.com/newyork)

H8056\_17\_015R\_SB\_FRN

## Enfòmasyon ki itil

Sèvis Patisipan

1-855-494-9945 (TTY: Rele 711)

Transpò nan ka ki pa ljan

1-866-334-8919

Adrès

Aetna Better Health FIDA Plan

55 W. 125th St., Suite 1300

New York, NY 10027

## Enfòmasyon pèsònèl

---

Nimewo idantifikasyon mwen

---

PCP mwen (pwofesyonèl swen sante prensipal mwen)

---

Nimewo telefòn PCP mwen

---

Non ak nimewo telefòn responsab swen m lan



**! Sa a se yon rezime sou sèvis sante ke Aetna Better Health FIDA Plan kouvri pou 2017. Sa a se yon rezime sèlman. Tanpri, li Tiliv pou Patisipan an pou lis konplè benefis yo.**

---

- ❖ Aetna Better Health FIDA Plan se yon plan swen kontwole ki gen kontra avèk toulède Medicare ak New York State Department of Health (Medicaid) pou bay Patisipan yo benefis ki soti nan toulède pwogram yo atravè Demonstrasyon Avantaj Doub ki Totalman Entegre (FIDA). Li fèt pou moun ki gen toulède Medicare ak Medicaid e ki satisfè lòt kondisyon elijiblite pou Demonstrasyon FIDA a.
- ❖ Anba Aetna Better Health FIDA Plan ou ka resevwa sèvis Medicare ak Medicaid ou yo nan yon plan swen kontwole yo rele yon Plan FIDA. Yon Responsab Swen nan Aetna Better Health FIDA Plan pral ede jere bezwen w genyen nan domèn swen.
- ❖ Lis sa a se pa yon lis konplè. Enfòmasyon sou benefis la se yon rezime kout li ye, li pa yon deskripsyon konplè sou benefis yo. Si w bezwen plis enfòmasyon kontakte plan an oswa li Tiliv pou Patisipan an.
- ❖ Ka gen limit ak restriksyon ki aplikab. Si w bezwen gen plis enfòmasyon, rele Sèvis Patisipan Aetna Better Health FIDA Plan oswa li Tiliv pou Patisipan nan Aetna Better Health FIDA Plan an. Sa vle di ke w dwe suiv sèten règ pou Aetna Better Health FIDA Plan ka peye pou sèvis ou yo.
- ❖ Lis Medikaman ki Kouvri yo ak/oswa rezo famasi ak pwofesyonèl swen sante yo ka chanje nan ane a. Nap voye yon avi ba ou anvan nou fè yon chanjman kap afekte w.
- ❖ Benefis yo ka chanje 1ye janvye chak ane.
- ❖ You can get this information for free in other languages. Call **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 hours a day, 7 days a week. The call is free.

Puede recibir esta información en otros idiomas en forma gratuita. Llame al **1-855-494-9945** o al **711** (línea TTY/TDD), las 24 horas del día, los 7 días de la semana. Esta llamada es gratuita.

È possibile ottenere queste informazioni gratuitamente in altre lingue. Chiamare il numero **1-855-494-9945** e il numero **711** per il servizio TTY/TDD per i non udenti, 24 ore al giorno 7 giorni alla settimana. La chiamata è gratuita.

Ou kapab jwenn enfòmasyon sa a pou gratis nan lòt lang. Rele **1-855-494-9945** ak **711** pou TTY/TDD, 24 sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis.



**Si w gen kesyon**, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan **[www.aetnabetterhealth.com/newyork](http://www.aetnabetterhealth.com/newyork)**.

## Aetna Better Health FIDA Plan: **Rezime sou Benefis**

您可以免費取得本資訊的其他語言版本。請撥打 **1-855-494-9945**, 若使用 TTY/TDD 請撥打 **711**, 每週 7 天、每天 24 小時均提供服務。此為免費電話。

Вы можете бесплатно получить эту информацию в переводе на другой язык. Позвоните по телефону **1-855-494-9945**. Линия работает круглосуточно и без выходных. Звонки бесплатные. Если вы пользуетесь устройством TTY/TDD, звоните по телефону **711**.

다른언어로 이 정보를 무료로 받으실 수 있습니다. 연중 무휴 24 시간 **1-855-494-9945** 번 또는 TTY/TDD 의 경우 **711** 번으로 전화해주시요. 통화는 무료입니다.

- ❖ Ou ka jwenn enfòmasyon sa a gratis nan lòt fòm, tankou an gwo karaktè, an bray, oswa sou fòm odyo. Call **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis.
- ❖ Dèke w vin yon patisipan nan Aetna Better Health FIDA Plan, pral gen yon Responsab Swen ki pral rele w. Pandan apèl la, yo pral mande w si w gen yon lang ou pito ak/oswa yon fòm ke ou pito resevwa enfòmasyon plan an. Epitou ou ka kontakte Sèvis Patisipan an oswa responsab swen w pou chanje pou sa w pito a nenpòt lè.
- ❖ Leta Nouyòk kreye yon pwogram medyasyon pou patisipan ke yo rele Rezo Endepandan pou Defans Konsomatè (Independent Consumer Advocacy Network, ICAN) pou bay Patisipan yo, asistans gratis ak konfidansyèl sou nenpòt sèvis Aetna Better Health FIDA Plan ofri. Ou ka kontakte ICAN nan nimewo pou apèl gratis la ki se 1-844-614-8800, oswa sou sit Entènèt la nan [icannys.org](http://icannys.org). (Moun ki itilize sistèm TTY dwe rele nan 711, apres a suiv direktiv pou fòm 844-614-8800.)



**Si w gen kesyon**, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis.  
**Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan **[www.aetnabetterhealth.com/newyork](http://www.aetnabetterhealth.com/newyork)**.

**Tablo ki annapre a liste kesyon moun poze souvan yo.**

Kesyon Moun Poze Souvan (FAQ)	Repons
<p><b>Kisa yon Plan Avantaj Doub ki Totalman Entegre (FIDA) ye?</b></p>	<p>Yon Plan Avantaj Doub ki Totalman Entegre (Fully Integrated Duals Advantage, FIDA) se yon òganizasyon ki konpoze de doktè, lopital, famasi, pwofesyonèl ki bay sèvis alontèm ak lòt pwofesyonèl ki bay sèvis. Epitou li genyen Responsab Swen ak Ekip Entèdisiplinè pou ede w planifye ak jere tout pwofesyonèl swen sante ak sèvis ou yo. Yo tout yo travay ansanm pou ba w swen ou bezwen an. Aetna Better Health FIDA Plan se yon plan FIDA ki bay Patisipan ki nan Demonstrasyon FIDA a, benefis Medicaid ak Medicare.</p>
<p><b>Kisa yon Responsab Swen ak Ekip Entèdisiplinè (IDT) nan Aetna Better Health FIDA Plan ye?</b></p>	<p>Yon Responsab Swen nan Aetna Better Health FIDA Plan se yon moun prensipal ke w ka kontakte. Moun sa a ede jere tout pwofesyonèl swen sante ak sèvis ou yo e li asire l ou jwenn sa w bezwen an. Moun sa a fè patide Ekip Entèdisiplinè (IDT) w, ki gen ladann oumenm ak moun ou chwazi (yo) tou. Epitou w gen dwa mande pou nenpòt nan moun suivan yo patisipe nan nenpòt ki reyinyon oswa nan tout reyinyon IDT yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Pwofesyonèl Swen Prensipal (PCP) w la oswa moun klinik (biwo) PCP w la deziyen an ki gen eksperyans klinik e ki konnen bezwen w yo;</li> <li>▪ Pwofesyonèl ki Espesyalize nan Domèn Konpòtman (BH) ou a, si w gen youn, oswa moun klinik (biwo) Pwofesyonèl BH ou a deziyen an ki gen eksperyans klinik e ki konnen bezwen w yo;</li> <li>▪ Oksilyè adomisil ou (yo), oswa yon moun ajans swen adomisil la deziyen ki gen eksperyans klinik e ki konnen kisa w bezwen, si wap resevwa swen adomisil;</li> <li>▪ Yon reprezantan klinik ki nan etablisman swen enfimye w la, si wap resevwa swen enfimye nan yon etablisman; e</li> </ul>

 **Si w gen kesyon**, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan **[www.aetnabetterhealth.com/newyork](http://www.aetnabetterhealth.com/newyork)**.

## Aetna Better Health FIDA Plan: Rezime sou Benefis

Kesyon Moun Poze Souvan (FAQ)	Repons
<p><b>Kisa yon Responsab Swen ak Ekip Entèdisiplinè (IDT) nan Aetna Better Health FIDA Plan ye?</b> (kontinyasyon)</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Gen lòt moun toujou, pami lòt:           <ul style="list-style-type: none"> <li>» Lòt pwofesyonèl swen sante ke ou te mande oswa ke moun ou deziyen an te mande, oswa jan manm IDT yo te mande e ki nesesè pou planifye swen w kòm sadwa, e ke ou menm oswa moun ou deziyen an te apwouve; oswa</li> <li>» Enfimye otorize a (RN) ki te konplete evalyasyon w lan.</li> </ul> </li> </ul>
<p><b>Kisa sèvis ak sipò alontèm ye?</b></p>	<p>Sèvis ak sipò alontèm se èd pou moun ki bezwen asistans pou yo fè aktivite toulèjou tankou benyen, abiye, prepare manje, epi pran medikaman. Pifò sèvis sa yo se lakay ou oswa nan kominote w la yo bay yo, men yo ka ba yo tou nan yon etablisman ki dispansè swen enfimye oswa nan lopital.</p>
<p><b>Èske mwen ka dirije pwòp swen mwen oswa anboche pwòp oksilyè mwen?</b></p>	<p>Se dwa w pou chwazi pou dirije pwòp swen w lè w seleksyone Sèvis Asistans Pèsonèl Kliyan Dirije (Consumer Directed Personal Assistance Services, CDPAS). Atravè CDPAS, ou ka anboche pwòp oksilyè w e ou ka pran lòt desizyon sou kijan pou pran sèvis.</p>



**Si w gen kesyon**, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis.  
**Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan **[www.aetnabetterhealth.com/newyork](http://www.aetnabetterhealth.com/newyork)**.

## Aetna Better Health FIDA Plan: Rezime sou Benefis

Kesyon Moun Poze Souvan (FAQ)	Repons
<p><b>Èske w pral resevwa menm benefis Medicare ak Medicaid ke w resevwa kounye a, nan Aetna Better Health FIDA Plan?</b></p>	<p>Ou pral resevwa benefis ou yo ke Medicare ak Medicaid kouvri dirèkteman nan men Aetna Better Health FIDA Plan. Ou pral travay ansanm avèk yon ekip pwofesyonèl swen sante ki pral ede detèmine ki sèvis ki reponn pi byen a bezwen w yo. Sa vle di kèk nan sèvis wap resevwa kounye a ka chanje. Ou pral resevwa prèske tout benefis ou yo ke Medicare ak Medicaid kouvri dirèkteman nan men Aetna Better Health FIDA Plan, men w pral resevwa kat benefis menm jan ou resevwa yo kounye a, andeyò de plan an. Pami benefis sa yo genyen: Sèvis Ospis, Sèvis Planin Familyal Andeyò Rezo a, Pwogram Tretman Antretyen Abaz Metadòn, ak Terapi yo Obsève Dirèkteman pou Maladi Tibèkiloz.</p> <p>Lè w anwole nan Aetna Better Health FIDA Plan, oumenm ansanm avèk Ekip Entèdisiplinè (IDT) w la, pral travay ansanm pou devlope yon Plan Sèvis ki Konsantre sou Yon Moun (Person-Centered Service Plan, PCSP), pou adrese bezwen w yo onivo sante ak sipò. Lè w fèk anwole nan Aetna Better Health FIDA Plan, ou ka kontinye al kay doktè w yo e w ka kontinye resevwa sèvis aktyèl ou yo pandan 90 jou, oswa jiskaske PCSP w la konplè, toudepannde sa ki rive annapre a. Lè w vin patisipe nan plan nou an, si wap pran nenpòt medikaman preskripsyon Medicare Pati D ke Aetna Better Health FIDA Plan pa kouvri jeneralman, ou ka jwenn yon pwovizyon tanporè. Nou pral ede w jwenn yon lòt medikaman oswa jwenn yon esepsyon pou Aetna Better Health FIDA Plan kouvri medikaman w lan, si li nesèsè medikalman.</p>



**Si w gen kesyon**, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan **[www.aetnabetterhealth.com/newyork](http://www.aetnabetterhealth.com/newyork)**.



## Aetna Better Health FIDA Plan: **Rezime sou Benefis**

Kesyon Moun Poze Souvan (FAQ)	Repons
<p><b>Èske w ka al kay menm doktè w al wè kounye a?</b></p>	<p>Byen souvan se sa ki rive. Si pwofesyonèl swen sante w yo (ki enkli doktè, terapè, ak famasi) kolabore avèk Aetna Better Health FIDA Plan e si yo gen yon kontra avèk nou, ou ka kontinye al lakay yo. Pwofesyonèl swen sante ki gen yon akò avèk nou, "nan rezo a". Ou dwe itilize pwofesyonèl swen sante ki nan rezo Aetna Better Health FIDA Plan an, amwenske Aetna Better Health FIDA Plan oswa IDT w la otorize w al wè yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a. Si w bezwen swen dijans oswa swen annijans oswa si w bezwen sèvis dyaliz andeyò zòn ou an, ou ka itilize pwofesyonèl swen sante ki andeyò plan Aetna Better Health FIDA Plan.</p> <p>Pou chèche konnen si doktè w yo nan rezo plan an, rele Sèvis Patisipan an oswa li Anyè Aetna Better Health FIDA Plan ki gen enfòmasyon sou Pwofesyonèl Swen Sante ak Famasi yo.</p> <p>Si Aetna Better Health FIDA Plan se yon plan ki nouvo pou ou, ou ka kontinye al kay doktè w al wè kounye a, pandan 90 jou, oswa jiskaske Plan Sèvis ki Konsantre sou Yon Moun ou a konplete, toudepannde sa ki rive annapre. Si aktyèlman wap resevwa sèvis sante nan domèn konpòtman, Ekip Entèdisiplinè (IDT) ou pral revwa peryòd swen aktyèl ou pou deside si w ka kontinye sèvis yo avèk menm pwofesyonèl swen sante ou gen kounye a. Si yo deside ou ka kontinye al kay menm pwofesyonèl swen sante w wè kounye a, wap kapab al wè pwofesyonèl swen sante sa a pandan 24 mwa apre dat ou anwole nan Aetna Better Health FIDA Plan.</p>
<p><b>Èske w ka rete nan menm etablisman ki dispansè swen enfimye ke w ladann aktyèlman an?</b></p>	<p>Wi. Si w abite nan yon etablisman ki bay swen enfimye lè w enskri nan Aetna Better Health FIDA Plan, ou ka rete nan etablisman ki bay swen enfimye sa a pandan tout tan ke w nan yon Plan FIDA tankou Aetna Better Health FIDA Plan, menmsi etablisman ki bay swen enfimye a pa nan rezo a e ke li pap patisipe nan Aetna Better Health FIDA Plan.</p>



**Si w gen kesyon**, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis.  
**Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan **[www.aetnabetterhealth.com/newyork](http://www.aetnabetterhealth.com/newyork)**.

## Aetna Better Health FIDA Plan: Rezime sou Benefis

Kesyon Moun Poze Souvan (FAQ)	Repons
<b>Kisa kap rive si w bezwen yon sèvis men pa gen pèsòn nan rezo Aetna Better Health FIDA Plan an ki ka bay li?</b>	Pifò sèvis yo se pwofesyonèl swen sante ki nan rezo nou yo kap bay yo. Si w bezwen yon sèvis yo pa bay nan rezo nou an, Aetna Better Health FIDA Plan pral peye tout frè kap gen rapò avèk pwofesyonèl swen sante ki andeyò rezo a.
<b>Ki kote Aetna Better Health FIDA Plan disponib?</b>	Zòn sèvis pou plan sa a, gen ladann: Konte Kings, Nassau, New York, Queens, ak Suffolk, New York. Ou fèt pou w abite nan youn nan zòn sa yo pou anwole nan plan an.
<b>Èske w peye yon montan chak mwa (ke yo rele tou yon prim) nan Aetna Better Health FIDA Plan?</b>	Ou pap peye okenn prim pa mwa bay Aetna Better Health FIDA Plan pou kouvèti asirans ou an. Epitou, ou pap gen okenn kopeman oswa lòt frè lè w resevwa swen nan men pwofesyonèl swen sante ki nan rezo a.
<b>Kisa otorizasyon davans ye?</b>	<p>Otorizasyon davans vle di ou fèt pou w resevwa otorizasyon nan men Aetna Better Health FIDA Plan oswa nan men Ekip Entèdisiplinè (IDT) w la anvan pou w resevwa yon sèvis, yon atik, oswa yon medikaman espesifik, oswa anvan pou w al kay yon pwofesyonèl swen sante ki andeyò rezo a. Aetna Better Health FIDA Plan ka pa kouvri sèvis la, atik la oswa medikaman an, si w pa pran otorizasyon nan men Aetna Better Health FIDA Plan oswa nan men IDT w la. Gen yon ti kantite sèvis ki egzije otorizasyon davans nan men yon espesyalis men pa nan men Aetna Better Health FIDA Plan oswa IDT w la. Tanpri, al gade nan Chapit 4 nan Tiliv pou Patisipan w lan pou w gen plis enfòmasyon. Aetna Better Health FIDA Plan ka ba w tou yon lis sèvis oswa pwosedi ki egzije w pran otorizasyon davans nan men yon pwofesyonèl swen sante ki pa IDT w la.</p> <p>Gen sèten sèvis ki pa egzije okenn otorizasyon davans, tankou swen annijans oswa swen ki nesèsè annijans, sèvis dyaliz andeyò zòn, vizit kay pwofesyonèl swen sante prensipal, ak sèvis espesyalize pou sante fanm. Pou lis konplè sèvis yo ki pa egzije otorizasyon davans, tanpri, al gade nan Chapit 4 nan Tiliv pou Patisipan w lan oswa rele Aetna Better Health FIDA Plan.</p>
<b>Kisa yon referans ye?</b>	Yon referans vle di ke Pwofesyonèl Swen Sante Prensipal ou a ba w yon otorizasyon pou w al wè yon moun ki pa Pwofesyonèl Swen Sante Prensipal ou. Referans pa nesèsè nan Aetna Better Health FIDA Plan e yo pap egzije yo. Sepandan, se pou respekte règ sou otorizasyon davans yo.



**Si w gen kesyon**, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan **[www.aetnabetterhealth.com/newyork](http://www.aetnabetterhealth.com/newyork)**.

## Aetna Better Health FIDA Plan: Rezime sou Benefis

Kesyon Moun Poze Souvan (FAQ)	Repons
<p><b>Kimoun pou w kontakte si w gen kesyon oswa si w bezwen èd?</b></p>	<p><b>Si w gen kesyon jeneral oswa kesyon sou plan nou yo, sèvis nou yo, zòn sèvis yo, faktirasyon, oswa Kat Idnatifikasyon Patisipan yo, tanpri, rele Sèvis Patisipan nan Aetna Better Health FIDA Plan:</b></p> <p><b>RELE 1-855-494-9945</b></p> <p>Koutfil nan nimewo sa a gratis. 24 è sou 24, 7 jou sou 7.</p> <p>Sèvis Patisipan yo gen sèvis entèprèt gratis tou ki disponib pou moun ki pa pale Anglè.</p> <p><b>TTY 711</b></p> <p>Koutfil nan nimewo sa a gratis. 24 è sou 24, 7 jou sou 7.</p> <p><b>Si w gen kesyon sou sante w, tanpri, rele Liy Konsèy Enfimyè a:</b></p> <p><b>RELE 1-855-494-9945</b></p> <p>Koutfil nan nimewo sa a gratis. 24 è sou 24, 7 jou sou 7.</p> <p><b>TTY 711</b></p> <p>Koutfil nan nimewo sa a gratis. 24 è sou 24, 7 jou sou 7.</p> <p><b>Si w bezwen sèvis sante nan domèn konpòtman imedyatman, tanpri rele Liy Asistans pou Ka Kritik nan domèn Konpòtman:</b></p> <p><b>RELE 1-855-494-9945</b></p> <p>Koutfil nan nimewo sa a gratis. 24 è sou 24, 7 jou sou 7.</p> <p><b>TTY 711</b></p> <p>Koutfil nan nimewo sa a gratis. 24 è sou 24, 7 jou sou 7.</p>



**Si w gen kesyon**, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan **[www.aetnabetterhealth.com/newyork](http://www.aetnabetterhealth.com/newyork)**.

**Tablo ki pi ba a se yon rezime rapid sou sèvis ou ka bezwen yo, sou konbyen sa pral koute w ak sou règ ki konsène benefis yo.**

Bezwen nan domèn sante oswa pwoblèm sante	Sèvis ou ka bezwen	Sa pou peye pou pwofesyonèl swen sante ki nan rezo yo	Limit, esepsyon, & enfòmasyon sou benefis (règ sou benefis)
<b>Ou vle wè yon doktè</b>	Vizit pou trete yon blesi oswa maladi	\$0	Otorizasyon davans pa obligatwa si w pral kay yon pwofesyonèl swen sante rezo.
	Konsiltasyon pou moun ki ansante, tankou yon egzamen fizik	\$0	Otorizasyon davans pa obligatwa si w pral kay yon pwofesyonèl swen sante rezo.
	Transpò pou w ale kay yon doktè	\$0	Otorizasyon davans pa obligatwa si w pral kay yon pwofesyonèl swen sante rezo.
	Swen kay espesyalis	\$0	Otorizasyon davans obligatwa.
	Swen pou anpeche w malad, tankou vaksen kont lagrip	\$0	Otorizasyon davans pa obligatwa si w pral kay yon pwofesyonèl swen sante rezo.
	Vizit prevantif "Byenveni nan Medicare" (yon fwa sèlman)	\$0	Otorizasyon davans pa obligatwa si w pral kay yon pwofesyonèl swen sante rezo.
<b>Ou bezwen egzamen medikal</b>	Tès laboratwa, tankou analiz san	\$0	Otorizasyon davans ka obligatwa.
	Radyografi oswa lòt foto, tankou eskànografi (eskàn CAT)	\$0	Otorizasyon davans ka obligatwa.
	Tès depistaj, tankou tès pou detekte kansè	\$0	Otorizasyon davans pa obligatwa si w pral kay yon pwofesyonèl swen sante rezo.



**Si w gen kesyon**, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis.  
**Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan **[www.aetnabetterhealth.com/newyork](http://www.aetnabetterhealth.com/newyork)**.

## Aetna Better Health FIDA Plan: Rezime sou Benefis

Bezwen nan domèn sante oswa pwoblèm sante	Sèvis ou ka bezwen	Sa pou peye pou pwofesyonèl swen sante ki nan rezo yo	Limit, esepsyon, & enfòmasyon sou benefis (règ sou benefis)
<p><b>Ou bezwen medikaman pou trete maladi w oswa kondisyon w</b></p>	<p>Medikaman jenerik (ki pa gen mak orijinal)</p>	<p>\$0 pou yon pwovizyon pou 30 jou</p> <p>\$0 pou yon pwovizyon pou 90 jou</p>	<p>Ka gen limit sou tip medikaman ki kouvri yo. Tanpri al gade nan Lis Medikaman ki Kouvri yo (Lis Medikaman) nan Aetna Better Health FIDA plan pou w gen plis enfòmasyon.</p> <p>Pwovizyon pou jou pwolonje pou medikaman ki kouvri yo disponib nan famasi rezo ki vann andetay oswa nan famasi rezo ki pran kòmman pa lapòs. Jeneralman, yo konsidere medikaman sa yo kòm medikaman antretyen. Gen kèk medikaman ki gen règ ki aplike pou kouvèti yo oswa ki gen limit sou kantite ou ka pran. Pa egzanp:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Pou sèten medikaman, se pou oumenm oswa doktè w la resevwa otorizasyon nan men plan an anvan w ranpli preskripsyon w lan.</li> <li>• Gendèfwa, plan an mete limit sou kantite medikaman ou ka genyen.</li> </ul> <p>Terapi pa etap: Gendèfwa plan an egzije w pou suiv terapi pa etap. Sa vle di, ou dwe eseye medikaman nan yon lòd byen espesifik pou pwoblèm medikal ou genyen an. Ou ka gen pou w eseye yon medikaman dabò anvan pou nou kouvri yon lòt medikaman. Si doktè w la panse premye medikaman an pa ba w rannman, lè sa a nap kouvri dezyèm lan.</p>



**Si w gen kesyon**, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan **[www.aetnabetterhealth.com/newyork](http://www.aetnabetterhealth.com/newyork)**.

Aetna Better Health FIDA Plan: **Rezime sou Benefis**

Bezwen nan domèn sante oswa pwoblèm sante	Sèvis ou ka bezwen	Sa pou peye pou pwofesyonèl swen sante ki nan rezo yo	Limit, esepsyon, & enfòmasyon sou benefis (règ sou benefis)
<p><b>Ou bezwen medikaman pou trete maladi w oswa kondisyon w (kontinyasyon)</b></p>	<p>Medikaman ki gen mak orijinal</p>	<p>\$0 pou yon pwovizyon pou 30 jou \$0 pou yon pwovizyon pou 90 jou</p>	<p>Ka gen limit sou tip medikaman ki kouvri yo. Tanpri al gade nan Lis Medikaman ki Kouvri yo (Lis Medikaman) nan Aetna Better Health FIDA plan pou w gen plis enfòmasyon.</p> <p>Pwovizyon pou jou pwolonje pou medikaman ki kouvri yo disponib nan famasi rezo ki vann andetay oswa nan famasi rezo ki pran kòmman pa lapòs. Jeneralman, yo konsidere medikaman sa yo kòm medikaman antretyen. Gen kèk medikaman ki gen règ ki aplike pou kouvèti yo oswa ki gen limit sou kantite ou ka pran. Pa egzanp:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Pou sèten medikaman, se pou oumenm oswa doktè w la resevwa otorizasyon nan men plan an anvan w ranpli preskripsyon w lan.</li> <li>• Gendèfwa, plan an mete limit sou kantite medikaman ou ka genyen.</li> </ul> <p>Terapi pa etap: Gendèfwa plan an egzije w pou suiv terapi pa etap. Sa vle di, ou dwe eseye medikaman nan yon lòd byen espesifik pou pwoblèm medikal ou genyen an. Ou ka gen pou w eseye yon medikaman dabò anvan pou nou kouvri yon lòt medikaman. Si doktè w la panse premye medikaman an pa ba w rannman, lè sa a nap kouvri dezyèm lan.</p>



**Si w gen kesyon**, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan **[www.aetnabetterhealth.com/newyork](http://www.aetnabetterhealth.com/newyork)**.

## Aetna Better Health FIDA Plan: Rezime sou Benefis

Bezwen nan domèn sante oswa pwoblèm sante	Sèvis ou ka bezwen	Sa pou peye pou pwofesyonèl swen sante ki nan rezo yo	Limit, esepsyon, & enfòmasyon sou benefis (règ sou benefis)
<b>Ou bezwen medikaman pou trete maladi w oswa kondisyon w</b> (kontinyasyon)	Medikaman yo vann san preskripsyon	\$0	Aetna Better Health FIDA Plan kouvri sèten medikaman yo vann san preskripsyon (OTC) lè pwofesyonèl swen sante w la ekri yo sou òdonans. Tanpri al gade nan Lis Medikaman ki Kouvri yo (Lis Medikaman) nan Aetna Better Health FIDA Plan pou w gen plis enfòmasyon.
	Medikaman sou preskripsyon Medicare Pati B	\$0	Medikaman Pati B yo gen ladan medikaman doktè w la oswa klinik li a ba ou, kèk medikaman oral pou kansè, ak kèk medikaman yo itilize avèk sèten ekipman medikal. Li Tiliv pou Patisipan an pou gen plis enfòmasyon sou medikaman sa yo.
<b>Ou bezwen terapi apre yon estwòk oswa yon aksidan</b>	Terapi okipasyonèl, fizyoterapi, oswa òtofofoni (terapi lapawòl)	\$0	Otorizasyon davans obligatwa. Yo limite sèvis sa yo a 20 vizit pa ane kalandriye pou chak terapi.



**Si w gen kesyon**, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan **[www.aetnabetterhealth.com/newyork](http://www.aetnabetterhealth.com/newyork)**.

## Aetna Better Health FIDA Plan: Rezime sou Benefis

Bezwen nan domèn sante oswa pwoblèm sante	Sèvis ou ka bezwen	Sa pou peye pou pwofesyonèl swen sante ki nan rezo yo	Limit, esepsyon, & enfòmasyon sou benefis (règ sou benefis)
<b>Ou bezwen swen annijans</b>	Sèvis nan sal dijans	\$0	Yo ka bay sèvis nan sal dijans nan rezo a oswa andeyò rezo a. Otorizasyon davans pa obligatwa.
	Sèvis anbilans	\$0	Otorizasyon davans ka obligatwa pou transpò nan anbilans pou ka ki pa ijan.
	Swen dijans	\$0	Yo ka bay sèvis swen annijans nan rezo a oswa andeyò rezo a. Otorizasyon davans pa obligatwa.
<b>Ou bezwen swen nan lopital</b>	Sejou nan lopital	\$0	Otorizasyon davans obligatwa pou sejou lopital pou ka ki pa ijan.
	Swen nan men doktè oswa chirijyen	\$0	Otorizasyon davans ka obligatwa.
<b>Ou bezwen èd pou santi w mye oswa ou gen bezwen espesyal nan domèn sante</b>	Sèvis Reyabilitasyon	\$0	Otorizasyon davans ka obligatwa.
	Ekipman medikal pou swen adomisil	\$0	Otorizasyon davans ka obligatwa.
	Swen enfimye espesyalize	\$0	Otorizasyon davans ka obligatwa.



**Si w gen kesyon**, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis.  
**Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan **[www.aetnabetterhealth.com/newyork](http://www.aetnabetterhealth.com/newyork)**.



## Aetna Better Health FIDA Plan: Rezime sou Benefis

Bezwen nan domèn sante oswa pwoblèm sante	Sèvis ou ka bezwen	Sa pou peye pou pwofesyonèl swen sante ki nan rezo yo	Limit, esepsyon, & enfòmasyon sou benefis (règ sou benefis)
<b>Ou bezwen swen pou zye</b>	Egzamen zye	\$0	Otorizasyon davans ka obligatwa. 1 egzamen woutin zye chak 2 zan.
	Linèt oswa vè kontak	\$0	Linèt oswa vè kontak lè yon oftalmològ oswa yon optometris otorize l. 1 pè linèt oswa vè kontak chak 2 zan.  Sèvis vizyon atravè klinik Atik 28 ki bay sèvis optometri e ki afilye ak Kolèj Optometri nan Inivèsite Eta Nouyòk pou resevwa sèvis optometri plan an kouvri.
<b>Ou bezwen swen dantè</b>	Konsiltasyon dantè	\$0	Otorizasyon davans ka obligatwa.  Swen dantè prevantif gen ladan 1 egzamen oral, 1 netwayaj ak 1 radyografi dantè chak 6 mwa. Radyografi dantè prevantif oblije gen otorizasyon dantis.  Sèvis dantè yo bay atravè klinik Atik 28 Sant Dantè Akademik administre pa mande pou w gen otorizasyon davans.
<b>Ou bezwen sèvis pou swen nan domèn tandè/oditif</b>	Tès depistaj oditif	\$0	Otorizasyon davans pa obligatwa.
	Aparèy oditif (pou ede tandè)	\$0	Se pou yon odyològ otorize aparèy oditif (pou ede tandè).  Otorizasyon davans ka obligatwa.



**Si w gen kesyon**, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis.  
**Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan **[www.aetnabetterhealth.com/newyork](http://www.aetnabetterhealth.com/newyork)**.

## Aetna Better Health FIDA Plan: Rezime sou Benefis

Bezwen nan domèn sante oswa pwoblèm sante	Sèvis ou ka bezwen	Sa pou peye pou pwofesyonèl swen sante ki nan rezo yo	Limit, esepsyon, & enfòmasyon sou benefis (règ sou benefis)
<b>Ou gen yon kondisyon kwonik, tankou dyabèt oswa maladi kè</b>	Sèvis pou ede jere maladi w la	\$0	Otorizasyon davans pa obligatwa si w pral kay yon pwofesyonèl swen sante rezo.
	Founiti ak sèvis pou dyabèt	\$0	Otorizasyon davans ka obligatwa.
<b>Ou gen yon pwoblèm sante mantal</b>	Sèvis sante mantal oswa nan domèn konpòtman	\$0	Otorizasyon davans ka obligatwa.
<b>Ou gen yon pwoblèm abi sibstans</b>	Sèvis abi sibstans	\$0	Otorizasyon davans ka obligatwa.
<b>Ou bezwen sèvis sante mantal alontèm</b>	Swen pou pasyan ki entène pou moun ki bezwen swen sante mantal	\$0	Otorizasyon davans ka obligatwa.
<b>Ou bezwen ekipman medikal dirab (DME)</b>	Chèz woulant	\$0	Otorizasyon davans ka obligatwa.
	Baton	\$0	Otorizasyon davans ka obligatwa.
	Bekiy	\$0	Otorizasyon davans ka obligatwa.
	Deyanbilatè (wòkè)	\$0	Otorizasyon davans ka obligatwa.
	Oksijèn	\$0	Otorizasyon davans ka obligatwa.



**Si w gen kesyon**, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis.  
**Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan **[www.aetnabetterhealth.com/newyork](http://www.aetnabetterhealth.com/newyork)**.

Aetna Better Health FIDA Plan: **Rezime sou Benefis**

Bezwen nan domèn sante oswa pwoblèm sante	Sèvis ou ka bezwen	Sa pou peye pou pwofesyonèl swen sante ki nan rezo yo	Limit, esepsyon, & enfòmasyon sou benefis (règ sou benefis)
<b>Ou bezwen èd pou viv lakay ou</b>	Repa yo livre lakay ou	\$0	Otorizasyon davans obligatwa.
	Sèvis adomisil, tankou netwayaj oswa fè menaj	\$0	Otorizasyon davans obligatwa.
	Amenajman nan kay ou, tankou mete ranp ak aksè pou chèz woulant	\$0	Otorizasyon davans obligatwa.
	Asistan swen pèsònèl (Ou ka anmezi pou anplwaye pwòp asistan w. Rele Sèvis pou Patisipan an pou gen plis enfòmasyon.)	\$0	Otorizasyon davans obligatwa.
	Fòmasyon pou ede w jwenn travay ki peye oswa ki pa peye	\$0	Otorizasyon davans obligatwa.
	Sèvis pou swen sante adomisil	\$0	Otorizasyon davans obligatwa.
	Sèvis pou ede w viv defason endepandan	\$0	Otorizasyon davans pa obligatwa.
	Sèvis lajounen pou adilt oswa lòt sèvis sipò	\$0	Otorizasyon davans obligatwa.
<b>Ou bezwen yon kote pou rete e ki gen moun la ki disponib pou ede w</b>	Sèvis asistans pou viv endepandan oswa lòt sèvis lojman	\$0	Otorizasyon davans obligatwa.
	Swen nan etablisman ki bay swen enfimye	\$0	Otorizasyon davans obligatwa.



**Si w gen kesyon**, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan **[www.aetnabetterhealth.com/newyork](http://www.aetnabetterhealth.com/newyork)**.

## Aetna Better Health FIDA Plan: Rezime sou Benefis

Bezwen nan domèn sante oswa pwoblèm sante	Sèvis ou ka bezwen	Sa pou peye pou pwofesyonèl swen sante ki nan rezo yo	Limit, esepsyon, & enfòmasyon sou benefis (règ sou benefis)
<b>Moun kap ba w swen an bezwen yon ti tan repo</b>	Swen repi	\$0	Otorizasyon davans obligatwa.

### Lòt sèvis Aetna Better Health FIDA Plan kouvri

Lis sa a se pa yon lis konplè. Rele Sèvis Patisipan an oswa al li Tiliv pou Patisipan an pou chèche konnen enfòmasyon sou lòt sèvis ki kouvri yo.

Lòt sèvis Aetna Better Health FIDA Plan kouvri	Sa pou peye pou pwofesyonèl swen sante ki nan rezo yo
Akiponkti - limit 9 tretman chak ane.	\$0
Benefis adisyonèl pou founiti yo vann san preskripsyon \$50 pa mwa pou itilize pou founiti ki liste nan katalòg OTC nou an. Pale avèk responsab swen w lan oswa rele Sèvis Patisipan an pou gen plis enfòmasyon.	\$0
Benefis pou telefòn selilè Plan an kouvri apèl gratis nan nimewo pre-programe pou Sèvis Patisipan Plan an, mesaj tèks gratis ki gen rapò avèk sante ak mesaj tèks gratis plan sante a voye pou ou, pou patisipan ki kalifye pou pwogram federal telefòn selilè gratis la.	\$0



**Si w gen kesyon**, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis.  
**Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan **[www.aetnabetterhealth.com/newyork](http://www.aetnabetterhealth.com/newyork)**.

### Benefis yo kouvri andeyò Aetna Better Health FIDA Plan

Lis sa a se pa yon lis konplè. Rele Sèvis Patisipan an pou chèche konnen sou lòt sèvis Aetna Better Health FIDA Plan pa kouvri men ki disponib atravè Medicare oswa Medicaid.

Lòt sèvis Medicare oswa Medicaid kouvri	Sa w gen pou peye
Tretman lajounen	\$0
Sèvis yo bay nan sant akouchman endepandan	\$0
Sèvis planin familyal ki pa nan rezo a	\$0
Pwogram Tretman Antretyen abaz Metadòn (MMTP)	\$0
Terapi ki baze sou obsèvasyon dirèk pou tibèkiloz (TB)	\$0
Sèvis Ospis	\$0

### Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan, Medicare, ak Medicaid pa kouvri

Lis sa a se pa yon lis konplè. Rele Sèvis Patisipan yo pou gen enfòmasyon sou lòt sèvis ki pa enkli yo.

Sèvis ki pa kouvri anba Aetna Better Health FIDA Plan, Medicare, oswa Medicaid	
Chiriji kosmetik si li pa medikalman nesesè	Tretman eksperimantal
Tretman pou enfètilitè	Frè fanmi pwòch ou oswa moun kote w rete a chaje w
Sèvis yon pwofesyonèl ki pap patisipe nan rezo Aetna Better Health FIDA Plan bay, amwenske Aetna Better Health FIDA Plan te voye w al kay pwofesyonèl swen sante sa a	Sèvis abaz pwodui oswa tretman natirèl
Sèvis yo konsidere ki pa medikalman nesesè	



**Si w gen kesyon**, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis.  
**Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan **[www.aetnabetterhealth.com/newyork](http://www.aetnabetterhealth.com/newyork)**.

## **Dwa w genyen antanke yon Patisipan nan plan an**

Antanke yon Patisipan nan Aetna Better Health FIDA Plan, ou gen sèten dwa. Ou ka egzèse dwa sa yo san yo pran okenn mezi kont ou. Epitou, ou ka itilize dwa sa yo san w pa pèdi sèvis ou resevwa nan Aetna Better Health FIDA Plan. Nou pral enfòmè w sou dwa w genyen yo, omwen yon fwa chak ane. Si w bezwen plis enfòmasyon sou dwa w yo, tanpri li Tiliv pou Patisipan an. Lis sa a se pa yon lis konplè sou tout dwa w genyen yo. Pami dwa w genyen yo, byenke yo pa limite a dwa swivan yo sèlman, gen:

- **Se dwa w pou yo respekte w, pou yo trete w defason ki jis e pou yo respekte diyite w.** Sa gen ladan, dwa:
  - Pou resevwa sèvis ki kouvri yo san enkyetid poutèt ras, orijin etnik, orijin natifnatal, sèks, laj, andikap mantal oswa fizik, oryantasyon seksyèl, enfòmasyon jenetik, kapasite pou peye, oswa kapasite pou pale lang Anglè.
  - Pou mande pou yo ba w enfòmasyon an nan lòt fòm (paregzanp nan gwo karaktè, bray, oswa sou fòm odyo)
  - Pou yo pa soumèt ou a okenn kontrent oswa izolman
  - Pou pwofesyonèl swen sante nan rezo a pa voye bòdwo ba ou
  - Pou yo reponn kesyon w yo ak adrese enkyetid ou yo konplètman e avèk koutwazi
  - Pou egzèse dwa w yo libreman san ke w pa sibi okenn efè negatif sou fason Aetna Better Health FIDA Plan oswa pwofesyonèl swen sante w la trete w
- **Se dwa w pou jwenn enfòmasyon sou swen sante w.** Sa gen ladan enfòmasyon sou tretman ak opsyon w genyen pou tretman. Se pou enfòmasyon sa a nan yon fòm ke w ka konprann. Pami dwa sa yo, ou gen dwa pou resevwa enfòmasyon konsènan:
  - Deskripsyon sèvis nou kouvri yo
  - Kijan pou jwenn sèvis
  - Konbyen kòb sèvis yo pral koute
  - Non pwofesyonèl swen sante ak responsab swen yo
- **Se dwa w pou pran desizyon sou swen w, ikonpri pou w refize tretman.** Sa gen ladan, dwa:
  - Pou chwazi yon Pwofesyonèl Swen Prensipal (PCP) e pou chanje PCP w la nenpòt lè
  - Pou patisipe nan reyinyon avèk Ekip Entèdisiplinè w la konsènan swen w
  - Pou resevwa sèvis ak medikaman w ki kouvri yo rapidman
  - Pou konnen tout opsyon tretman ki genyen, kèlkeswa pri yo koute oswa si yo kouvri
  - Pou refize tretman, menmsi doktè w la pa rekòmande ou fè sa
  - Pou w sispann pran medikaman
  - Pou mande pou yon dezyèm opinyon. Aetna Better Health FIDA Plan pral peye pou frè vizit pou dezyèm opinyon w lan
  - Pou kreye ak egzekite yon direktiv alavans, tankou yon testaman byolojik oswa yon manda medikal



**Si w gen kesyon**, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis.  
**Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan **[www.aetnabetterhealth.com/newyork](http://www.aetnabetterhealth.com/newyork)**.

## Aetna Better Health FIDA Plan: **Rezime sou Benefis**

- **Se dwa w pou gen aksè san pèdi tan a swen san ankenn pwoblèm kominikasyon ni ankenn pwoblèm pou aksè fizik.** Sa gen ladan, dwa:
  - Pou resevwa swen medikal san pèdi tan
  - Pou ale epi soti nan klinik yon pwofesyonèl swen sante. Sètadi, aksè san okenn kontrent pou moun ki gen andikap, konfòmman ak Lwa anfavè Ameriken ki gen Andikap (Americans with Disabilities Act)
  - Pou gen entèprèt ki pou ede w kominike avèk doktè w yo e avèk plan sante w
- **Se dwa w pou jwenn swen annijans ak swen dijans lè w bezwen.** Sa vle di ou ge dwa pou:
  - Jwenn sèvis annijans san otorizasyon davans nan ka dijans
  - Se dwa w pou w al kay yon pwofesyonèl swen sante ki bay swen dijans oswa swen annijans e ki andeyò rezo a, lè sa nesesè
- **Se dwa w pou yo respekte konfidansyalite w ak enfòmasyon prive w.** Sa gen ladan, dwa:
  - Pou mande e pou resevwa yon kopi dosye medikal ou nan yon fason ke w ka konprann e pou mande pou yo chanje oswa korije enfòmasyon ki nan dosye w yo
  - Pou yo kenbe enfòmasyon pèsònèl sou sante w, prive
  - Pou dirije pwòp swen w oswa pou anboche pwòp oksilyè w atravè Sèvis Asistans Pèsònèl Kliyan Dirije (Consumer-Directed Personal Assistance Services)
- **Se dwa w pou pote plent konsènan sèvis oswa swen w yo ki kouvri.** Sa gen ladan, dwa:
  - Pou anrejistre yon plent oswa doleyans kont noumenm oswa kont pwofesyonèl swen sante nou yo
  - Pou resevwa yon rezon detaye ki fè konnen poukisa yo te refize sèvis yo

Pou plis enfòmasyon sou dwa w genyen yo, ou ka li Tiliv pou Patisipan nan Aetna Better Health FIDA Plan. Si w gen kesyon, ou ka rele Sèvis Patisipan nan Aetna Better Health FIDA Plan an tou.



**Si w gen kesyon**, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis.  
**Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan **[www.aetnabetterhealth.com/newyork](http://www.aetnabetterhealth.com/newyork)**.

## **Si w gen yon plent oswa si w panse nou ta dwe kouvri yon bagay nou refize**

Si w gen yon plent oswa si w panse Aetna Better Health FIDA Plan ta dwe kouvri yon bagay nou refize, rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Ou ka anmezi pou w ale annapèl poutèt desizyon nou an.

Pou kesyon konsènan doleyans (plent) ak apèl, ou ka li Chapit 9 nan Tiliv pou Patisipan nan Aetna Better Health FIDA Plan an. Epitou ou ka rele Sèvis Patisipan nan Aetna Better Health FIDA Plan an.

Anplisdesa, ou ka jwenn èd nan men Rezo Endepandan pou Defans Konsomatè a (ICAN). ICAN ka ba w asistans gratis ak konfidansyèl sou nenpòt sèvis Aetna Better Health FIDA Plan ofri, ikonpri nenpòt pwoblèm pou jwenn swen kalite. Ou ka kontakte ICAN nan 1-844-614-8800, oswa sou sit Entènèt la nan [icannys.org](http://icannys.org). (Moun ki itilize sistèm TTY dwe rele nan 711, apresa suiv direktiv pou fòm 844-614-8800.)

Pou ka gen plis enfòmasyon konsènan plent, doleyans oswa apèl, pale avèk responsab swen w lan oswa rele Sèvis Patisipan an nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7.

## **Si w sispèk yon ka fwòd**

Pifò pwofesyonèl ak òganizasyon swen sante ki bay sèvis yo, onèt. Malerèzman, ka genyen ladan yo ki malonèt.

Si w panse yon doktè, yon lopital oswa lòt famasi ap fè yon bagay ki pa sa, tanpri, kontakte nou.

- Rele nou nan Sèvis Patisipan nan Aetna Better Health FIDA Plan an. Nimewo telefòn yo sou kouvèti rezime sa a.
- Oswa, rele Medicare nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Moun ki itilize sistèm TTY dwe rele nan 1-877-486-2048. Ou ka rele nimewo sa yo gratis, 24 è sou 24, 7 jou sou 7.



**Si w gen kesyon**, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis.  
**Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan **[www.aetnabetterhealth.com/newyork](http://www.aetnabetterhealth.com/newyork)**.





